



Pou Piblikasyon Imedya: 14/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO PWOGRAM ASISTANS LWAYE COVID

Finansman disponib pou lokatè yo ki afekte pa pandemi Kowonaviris la

Ranfòse efò kontinyèl yo pou kenbe Nouyòkè yo lakay yo

Aplikasyon Pwogram lan pral disponib [isit la](#) jedi 16 jiyè a

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon pwogram asistans pou lwaye ijans ki pral ede kenbe fanmi ki gen revni ki fèb yo toupatou nan New York lakay yo. Pwogram nan, ki fèt pou rive jwenn moun ak fanmi sa yo ki gen pi gwo bezwen an, pral bay èd dirèk pou lokatè ki pèdi revni akòz pandemi COVID-19 la. Pwogram nan finanse atravè Fon Sekou (Soulajman) Kowonaviris (Coronavirus Relief Fund) la, ki se yon pati nan Lwa CARES (CARES Act) la. Se Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York ki administre pwogram lan epi aksè a aplikasyon pwogram yo pral disponib [isit la](#) jedi 16 jiyè a.

"Depi premye jou a nou te fè li klè ke pa gen okenn Nouyòkè ke yo ta dwe jete nan lari akòz difikilte ke pandemi sa a koze", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Li enpòtan anpil pou moun yo kapab rete an sekirite lakay yo pandan n'ap pwogrese nan done yo, re-ouvèti pa faz nou an, epi Pwogram Sekou Lwaye (Rent Relief Program, RRP) COVID la ranfòse angajman sa a avèk asistans dirèk pou moun ki nan pi gwo bezwen yo."

Lidè Majorite Sena a, Andrea Stewart-Cousins te deklare, "Malgre pwogrè nou fè nan batay kont COVID-19 la, dè milyon Nouyòkè gen difikilte akòz viris sa a ak kriz ekonomik la. Founi èd dirèk pou lokatè ki gen twòp chaj sou zepòl yo pral ede Nouyòkè sa yo rete lakay yo epi pou yo kapab debouye yo. Mwen bat bravo pou Senatè Brian Kavanagh poutèt li te avanse lejislasyon sa a, Majorite Demokratik Sena mwen an ki adopte li, ak Gouvènè Cuomo ki siyen li pou li vin yon lwa. Pandan ke efò sa a pral ofri kèk soulajman, nou konnen ke gouvènman an bezwen ranfòs ak bay plis sipò pandan tan difisil sa a. Nou pral kontinye avanse lejislasyon siyifikatif pou ede Nouyòkè yo, epi nou bezwen gouvènman federal la pou travay avèk nou epi founi resous yo ke eta nou an bezwen".

Prezidan Asanble a, Carl Heastie te deklare, "Pou anpil Nouyòkè, pandemi COVID-19 te fè defi pou garanti lojman abòdab vin pi gwo menm. Majorite Asanble a te batay san pran souf pandan plizyè ane pou kenbe Nouyòkè yo lakay yo ak nan kominote yo te ede fòme yo. Avèk anpil Nouyòkè ki pa ko travay, nou toujou bezwen asistans nan men gouvènman federal la pou ede eta yo fè fas ak gwo pwoblèm fiskal yo. Nou dwe

fè tout sa ki nan pouvwa nou pou ede fanmi New York yo. Pwogram asistans lwaye sa a, pandan ke li toujou pa ase pou satisfè gwo bezwen yo ki egziste, se yon etap an avan pou leve yon fado finansye sou zepòl fanmi ki pi vilnerab nou yo. Nou pral kontinye chèche fè plis pou ede moun rete lakay yo pandan tan san parèy sa a".

Anba nouvo pwogram lan, fanmi ki kalifye yo pral benefise yon sibvansyon lokasyon yon sèl fwa k'ap peye dirèkteman pwopriyetè yo ak founisè lojman yo. Lokatè yo pa oblije repeye asistans sa a.

Pou kalifye pou pwogram nan, aplikan yo dwe satisfè tout kondisyon elijibilite yo:

- Yo dwe yon lokatè ak yon rezidans prensipal nan Eta New York.
- Anvan 1 mas 2020 ak nan moman aplikasyon an, revni kay la (ki gen ladan benefis chomaj) dwe pi ba pase 80 pousan nan Revni Mwayen Zòn (Area Median Income) lan, ajiste pou kantite moun ki nan kay la. Aplikan yo ka jwenn Revni Mwayen Zòn yo pou konte pa yo, dapre kantite moun ki gen lakay yo, sou sit entènèt HCR la [isit la](#).
- Anvan 1 mas 2020 ak nan moman aplikasyon an, fanmi an la te dwe nan "difikilte pou peye lwaye", ki defini kòm peye plis pase 30 pousan nan revni brit chak mwa nan direksyon lwaye.
- Aplikan yo ta dwe pèdi revni pandan nenpòt peryòd ant 1 avril 2020 ak 31 jiyè 2020.
- Peryòd aplikasyon an pral ouvri pou de semèn. Rezidan yo ka aplike nenpòt ki lè pandan peryòd de semèn lan.

HCR pral bay priyorite ak fanmi ki gen pi gwo bezwen ekonomik ak sosyal, nan teni kont de revni, difikilte lwaye, pousantaj revni ki pèdi ak risk pou sanzabri. Peman asistans pou lwaye a pral kouvri diferans ki genyen ant difikilte lwaye kay la 1 mas 2020 ak ogmantasyon nan difikilte lwaye pandan peryòd fanmi an ap aplike pou asistans. Fanmi an ka aplike pou jiska kat mwa nan asistans pou lwaye pou mwa avril la jiska jiyè. Pwogram lan ouvri pou fanmi ki lwe apatman yo, kay fanmi mono-parantal yo, kay manifaktire yo ak lo kay manifaktire yo.

Kay ki gen omwen yon moun nan kay la ki gen nasyonalite Ameriken oswa estati imigrasyon ki elijib kalifye pou resevwa sibvansyon an. Lokatè k'ap resevwa aktyèlman yon Koupon Chwa Lojman Seksyon 8 (Section 8 Housing Choice Vouchers) pou depans pou lojman oswa ki abite nan lojman piblik yo pa kalifye pou asistans RRP.

Pwogram Sekou Lwaye COVID la baze sou efò Gouvènè Cuomo pou pwoteje lokatè New York yo pandan pandemi kowonaviris la. Sa enkli yon moratwa nan tout eta sou ekspilsyon rezidansyèl oswa komèsyal ki gen pou wè ak COVID: entèdi pèman anreta oswa frè pou pèman lwaye rate pandan moratwa ekspilsyon an; epi pèmèt lokatè ki ap fè fas ak difikilte finansye akòz COVID-19 yo sèvi ak depo garanti pa yo kòm pèman epi ranbouse depo garanti yo avèk letan.

Plis enfòmasyon sou Pwogram Sekou Lwaye COVID, ki gen ladan Kesyon yo Poze Souvan (Frequently Asked Questions) yo, disponib [isit la](#).

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè HCR, te deklare, "Fanmi ak moun ki te deja nan difikilte lwaye yo, oswa ki t'ap bat dlo pou fè bè, yo te patikilyèman vilnerab a pèt toudenkou a ke pandemi kowonaviris la lakoz. Aksyon imedyat Gouvènè Cuomo pou pwoteje Nouyòkè yo kont ekspilsyon ak sezi ipotèk te bay sekirite ki nesèsè anpil pandan yon kriz sante inimaginab. Pwogram Sekou Lwaye COVID la baze sou efò Eta a pou soulaje difikilte ke anpil lokatè ki gen sibvansyon pou lwaye pou yon sèl fwa ap fè fas. Nan ede Nouyòkè parèy nou yo rete an sekirite lakay yo, nou ka kontinye sou wout nou nan rekiperasyon ekonomik".

Senatè Brian Kavanagh (D-Manhattan ak Brooklyn), Prezidan Komite Lojman Sena a ak premye patwon pwojè Lwa a, te deklare, "Depi lè pandemi sa a te kòmanse a, New York te goumen di pou sove lavi ak kenbe moun yo an sekirite, men nou pa ko fè ase pou anpil Nouyòkè yo ki te gen difikilte pou peye lwaye epi rete lakay yo. Pandan ke nou bezwen yon finansman ki pi plis pou kouvri yon kategori moun ki pi laj, ki gen ladan sa yo ki sanzabri kounye a ak moun ki estati imigrasyon ki fè li difisil pou jwenn aksè ak lòt fòm asistans, pwogram sa a se yon premye etap enpòtan nan direksyon pou sipòte Nouyòkè yo ki bezwen sekou. Mwen remèsye Komisè Visnauskas ak anplwaye dilijan yo nan HCR pou efò yo nan lansman pwogram sa a byen vit, nan sèlman kat semèn apre nou fin adopte Lwa sou Sekou Lwaye pou Ijans (Emergency Rent Relief Act) lan".

Manm Asanble Steven Cymbrowitz (D-Brooklyn), ki se Prezidan Komite Lojman Asanble a te deklare, "Nan non tout Nouyòkè yo, mwen kontan wè Pwogram Sekou Lwaye COVID la monte epi l'ap mache. Lokatè ak pwopriyetè yo fè fas a gwo difikilte finansye ke lit n'ap mennen kont viris sa a pwovoke. Responsablite nou pou re-ouvri sekirite nou dwe balanse ak bezwen kontinyèl pou konbat sanzabri epi pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite nan pwòp kay yo. Nan priorize fanmi ki gen pi gwo bezwen yo, pwogram sa a pral ede pèmèt rekiperasyon nou an pandan nou ap tann pou Kongrè a aji epi bay plis sekou esansyèl".

Reprezantant Nita Lowey te deklare, "Pwogram Sekou Lwaye COVID la, ki vin posib ak lajan federal mwen te ede sekirize pou New York nan Lwa CARES la, se yon etap enpòtan nan bay asistans ki anpòtan pou kominote yo ak fanmi yo ki te frape pi di pa pandemi sa a. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo ak Lejislati Eta a paske yo pran aksyon desizif pou pwoteje lokatè yo nan eta a kont ekspilsyon epi ki kontinye soufri de enpak finansye akòz fèmti ekonomik lan. Lojman fondamantal pou sante ak sekirite, epi mwen pral kontinye travay pou sekirize sekou federal Nouyòkè yo bezwen pou asire sante, sekirite, ak sekirite ekonomik nou".

Reprezantan José Serrano te deklare, "Lojman abòdab se te yon pwoblèm grav anvan kriz sa a, epi li agrave pandan pandemi coronavirus la. Twòp fanmi nan Bronx ak lòt kote yo ap lite pou yo debouye yo, peye lwaye yo, epi kouvri lòt depans debaz yo. Nou bezwen fè tout sa ki posib pou anpeche yon kriz lojman anplis de kriz sante piblik la ak kriz ekonomik ki ap kontinye a. Li posib gras ak Lwa CARES ke yo te adopte nan Kongrè a, Pwogram Sekou Lwaye COVID la pral bay sekou ki nesèsè anpil pou ede moun ki bezwen li pi plis pou peye lwaye epi pou yo kapab abrite yo. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou lidèchip li nan devlopman pwogram enpòtan sa a".

Reprezantant Carolyn B. Maloney te deklare, "Pwogram Sekou Lwaye COVID se yon apwòch ki gen anpil enpòtans, ki nesese, ki pral ede lokatè yo ki gen tansyon ekonomik ke pandemi an te lakoz. Eta New York ap trase chemen an ankò e Sena a ta dwe swiv tras la nan adopte Lwa Ewo (Heroes Act) Lachanm nan, ki gen ladan yon fon 100 milya dola pou soulajman lwaye, ak H.R. 7301, Pwoteksyon Lojman Ijans ak Lwa Sekou. Okenn moun pa ta dwe pèdi somèy nan enkyete sou fason yo pral jwenn yonabri pou rete, espesyalman pandan yon pandemi. Nou dwe kontinye pran mezi pou ede nasyon nou an afwonte tanpèt sa a ak delivre sekou siyifikatif bay pèp Ameriken an lè yo bezwen li pi plis".

Reprezantant Nydia M. Velázquez te deklare, "Anpil Nouyòkè ap debat kounye a akòz rezilta pandemi an epi yo ap fè fas ak yon chwa ensipòtab ant peye lwaye, kite limyè yo limen oswa mete manje sou tab yo. Pwogram Sekou Lwaye COVID pral bay asistans enpòtan men sa se sèlman yon ti pati nan bezwen jeneral la. Mwen pral kontinye goumen pou plis finansman federal pou asire ke pa gen okenn New Yorkè k'ap fòse soti kite lakay yo pandan yon kriz sante ak kriz ekonomik san parèy".

Reprezantan Hakeem Jeffries te deklare, "New York pote chay kriz sante piblik COVID-19 la, epi kominote nou yo te fè fas ak eksperyans doulè, soufrans ak lanmò inimaginab. Kòm nou kòmanse re-ouvri eta a ak anpil prekosyon, nou dwe asire ke moun yo ak kominote yo ki gen pi plis bezwen yo resevwa asistans pou debouye yo. Pwogram asistans lwaye ijans lan pral rive jwenn sila yo ki gen plis risk pou yo pèdi kote pou abrite yo. Sa a se yon kriz ekstraòdinè, e mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou lidèchip ekstraòdinè li".

Reprezantant Grace Meng te deklare, "Pandan plizyè mwa, mwen te lanse apèl pou yo bay soulajman pou Nouyòkè ki gen difikilte pou peye lwaye yo. Mwen remèsye Gouvènè a paske li etabli pwogram sa a epi mwen espere fè plis pou ede plis Nouyòkè ke yo te fòse pou yo sipòte chay finansye grav sa a malgre se pa fot pa yo. Men, sa a se yon premye etap pou pi devan nan rezoud yon gwo pwoblèm epi mwen pral kontinye sèvi ak plas mwen nan Apwopriasyon Lachanm lan (House Appropriations Committee) ki finance gouvènman federal la pou konbat kriz la lokatè yo. Yo pa ta dwe choute okenn moun deyò lakay yo nan eta nou an akòz kowonaviris la. Mwen mande tou pou Sena a swiv Lachanm nan adopte Lwa Ewo a ki gen plis finansman pou soulajman lwaye".

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)